

# **FÒM POU MANDE INISYATIV AMANDMAN KONSTITISYONÈL SÈLMAN POU ITILIZASYON PÈSÒNÈL DAPRE (s. 100.371, F.S)**



# Nimewo seri li a



Dat yo te resewva li  
12/12/2018

**Tit bilten vòt la:** Bay Asirans Medicaid pou Adilt ki Elijib pou Moun ki Pa Gen Anpil Lajan.

**Rezime bilten vòt la:** Mande Leta pou bay asirans Medicaid bay moun ki gen laj 18 lane epi ki poko gen laj 65 lane ki gen revni ki nan oswa ki anba 138 poustan nivo povrete federal la epi ki satisfè kondisyon elijibilite ki pa finansye, san yo pa mete okenn chay ki pi lou sou kalifikasyon, enskripsyon oswa benefis pou moun ki elijib ki kalifye yo konpare ak lòt benefisyè Medicaid yo. Mande Ajans Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration) pou aplike inisyativ la pa maksimize patisipasyon finansye federal pou moun ki fèk kalifye yo.

#### **Deklarasyon sou konsekans ekonomik:**

**Non:** Florida Decides Healthcare, Inc.

**Adr s:** Post Office Box 10829 Tallahassee, FL 32302

## **Enfòmasyon sou moun ki vote ak atestasyon li fè**

**Non – non fanmi** \_\_\_\_\_ **Non** \_\_\_\_\_ **Dezyèm non** \_\_\_\_\_

**Adres** \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Kòd postal \_\_\_\_\_ Konte \_\_\_\_\_

**Nimewo lisans pou kondwi nan eta Florid**  oswa **Nimewo sekirite sosyal**

Mwen se yon votè ki anrejistre nan eta Florid, epi m ap ranpli yon petisyon pou mande sekretè deta a pou l mete amannman ke vo pwopuze a anndan biltén yòt la.

**Siyati** / **Dat li siyen** / **M M D D Y Y Y Y**

## Pou itilizasyon pèsonèl

Fòm sa a se sèlman pou ITILIZASYON PÈSÒNÈL. Eksepte si yo anrejistre yon moun kòm yon sikilatè (moun k ap sikile) petisyon, li se yon krim twazyèm degré pou yon moun ramase, delivre, oswa pou gen lan men li plis ke 25 fòm pou petisyon ki siven aplis de fòm pèsònèl moun sa a oswa fòm pou manm fanmi pwòch li yo.

Ou ka jwenn fòm pou sikilatè (moun k ap sikile) petisyon yo nan sitwèb Divizyon pou sikilatè petisyon (Division's Petition Circulator).

Vizite adrès entènèt: <https://initiativepetitions.dos.fl.gov> pou iwenn plis enfòmasyon.

Kominike

- Fòm sila tounen yon dosye publik osito ke yo ranpli li ak sipèvizi elektorl la.
  - Se yon deli premye degre si w siyen entansyonèlman menm petisyon a pi plis ke yon sèl fwa. [§104.185, F.S.]
  - Yo p ap ran fòm sa valid si enfòmasyon yo mande a pa ranpli konplètman.

## AMANDMAN KONSTITISYONÈL TÈKS KONPLÈ

### **Atik ak Seksyon ke yo ap Kreye oswa Amande:**

Kreye nouvo seksyon 33 nan Atik X.

### **Tèks Konplè Amandman ki Pwopoze a:**

Yo ajoute yon nouvo Seksyon 33 nan Atik X Konstitisyon Leta a, jan sa a:

#### **SEKSYON 33. Bay Asirans Medicaid pou Adilt Pa Gen Anpil Lajan yo ki Kalifye .-**

**(a) ASIRANS MEDICAID POU ADILT KI PA GEN ANPIL LAJAN.** Leta va bay Benefis Medicaid pou Adilt ki Pa Gen Anpil Lajan yo ki gen 18 lane laj ak anba laj 65 lane ki gen revni ki sant trant-uit pousan (138%) nivo povrete federal la oswa pi ba, epi ki satisfè kondisyon elijibilite finansye lwa federal Medicaid la. Leta pa dwe enpoze sou Adilt ki Pa Gen Anpil Lajan yo chay ki pi gwo oswa anplis oswa restriksyon sou kalifikasyon, enskripsyon, oswa benefis plis pase sou nenpòt lòt popilasyon ki kalifye pou asistans medikal.

**(b) DEFINISYON.** Pou bi seksyon sa a, mo ak tèm sa yo dwe gen siyifikasyon yo declare yo:

(1) "Adilt ki pa gen anpil lajan yo" vle di moun ki gen laj 18 lane e ki pokon gen laj 65 lane, revni ki se sant trant-uit pousan (138%) nivo povrete federal la oswa pi ba, jan yo dekri ak itilize li nan metodoloji revni founi pa lwa federal Medicaid 42 USC § 1396a(a)(10)(A)(i)(VIII), epi ki satisfè kondisyon ki pa finansye kalifikasyon pou Medicaid dapre 42 CFR Pati 435, Soupati E.

(2) "Ajans pou Administrasyon Swen Sante" oswa "Ajans" refere a yon sèl ajans Leta ki responsab pou administre plan Medicaid Florida a dapre 42 US. § 1396a (a) (5) ak § 409.902, Fla.Stat.

(3) "Amannman Plan Leta" vle di dokiman Leta soumèt nan Sant pou Medicare ak Medicaid Services (CMS) pou revizyon ak apwobasyon anvan yo fè yon chanjman nan règleman pwogram li yo, enkli tabli gwoup moun dwe kouvrí.

(4) "Sant pou Medicare ak Medicaid Services" refere a ajans ki responsab pou administre pwogram Medicaid la nan nivo federal, tankou revizyon ak apwobasyon Amannman Plan Leta a.

### **(c) ENPLEMANTASYON.**

(1) 90 jou apre votè yo apwouve Seksyon sa a, pou yo kapab enplemente estipilasyon Medicaid ki kouvri Adilt Ki Pa Gen Anpil Lajan yo ak pou yo jwenn Pousantaj fon Asistans Medikal Federal la pou yo peye asirans yo, Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration) va soumèt yon Amannman Plan Leta a ak tout lòt dokiman ki nesesè yo, epitou yo dwe swiv nenpòt lòt etap ki nesesè pou chèche apwobasyon obligatwa yo nan Sant Sèvis pou Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services) pou enkli Adilt Ki Pa Gen Anpil Lajan yo kòm yon asirans an gwoup nan pwogram Medicaid Florid la.

(2) Pa gen anyen nan Seksyon sa a ki va limite Lejislati a pwomilge lwa ki konsistan avèk Seksyon sa a. Espesyalman, li konsistan avèk seksyon sa a pou ajoute yon nouvo souseksyon (seksyon (9) anba) nan Lwa.Fla. 409.903 Peman obligatwa pou moun ki kalifye yo.-

(9) Yon moun ki gen laj 18 tan e ki pokon gen laj 65 lane ki gen revni ki se 138 pousan nan nivo povrete oswa pi ba.

### **Enfòmasyon sou Inisyativ**

Dat Apwouve: 12/12/2018

Nimewo Seri: 18-16

Non Sponsor: Florida Decides Healthcare, Inc.

Adrès Sponsor: 2 South Biscayne Boulevard, Suite 3100, Miami, FL 33131